

13 Novanm, 2020

Mezi ijan Konsènan COVID-19

Chè Kominote Inivèsite Maryland,

Nou ekri w jodia nan mitan yon pik alaman kantite ka COVID-19 nan Eta Maryland ak isit la nan konte Prince George. Ayè, Gouvènè Hogan te anonse yon ogmantasyon de 53% kantite moun ki entène lopital ak yon ogmantasyon 52% nan ka pou chak 100,000 rezidan, yon endikatè klè ki vle di ke n ap antre nan sa ki rele "zòn danje." Nan ankouraje w li tout dekrè li a.

Direktris Konte Prince George la Angela Alsobrooks te anonse rekòmandasyon ki strik kap kòmanse Dimanch: rasanbleman andedan kay ta dwe limite a 10 moun (mwens moun toujou pou pifò nan kay ak apatman yo) epi rasanbleman deyò ta dwe limite a 25 moun. Anplis, restoran yo ap limite a 25% kapasite andedan kay la epi makèt ak lòt etablisman ki vann an detay yo pral limite a 50% kapasite yo. Ou dwe toujou mete kouvèti vizaj (mask) yo lè ou deyò sòf si wap fè anpil egzèsis. Responsab sante Konte Prince George yo prevwa itilize mezi ki pi strik nan semèn kap vini yo, toutotan fredy an ap ogmante epi sezon grip lan ap pwogrese. Nou ankouraje w li tout dekrè pou konte a.

Tranzisyon imedya kou anliy nivo bakaloreya (ki poko gradye) yo

Daprè endikatè kle sa yo, n ap anonse ke tout kou nivo bakaloreya yo (ak sèlman kèk eksepsyon apwouve) pral fè tranzisyon nan ansèyman anliy, sa ap an aplikasyon a pati Lendi, 16 Novanm epi yap rete konsa pou rès semès la. Kou pou nivo ki gradye deja yo kapab kontinye jan yo ye kounya la. Rechèch ki apwouve yo kapab kontinye. Bibliyotèk yo pral fè tranzisyon nan fonksyonman faz 2 ki modifiye yo. Mezi sa yo pran nan enterè sante ak byennèt kominote sou kanpis nou an.

Tès ak Fen Sesyon an

Nou ankouraje etidyan ki ka fè sa pou kòmanse fè plan pou retounen lakay nou pou rès sesyon an. Avan nou ale, tanpri planifye pou n fè yon tès COVID-19. Sa se yon mezi enpòtan nou ka pran pou evite pwogasyon viris la bay fanmi n ak zanmi n. Randevou yo ap disponib semèn pwochèn.

Etidyan ki chwazi rete nan rezidans nou yo, nou pral mande yo pou yo limite aktivite yo plis ke yo kapab. Batiman ki sou kanpis yo, ki enkli Stamp Student Union ak batiman RecWell yo, pral gen aksè limite. Sèvis kafeterya yo pral pase an mòd vin pran epi ale sèlman. Pou sa ki ap rete anndan oswa tou pre kanpis la, tanpri pran yon randevou pou fè tès nan semèn aprè Thanksgiving la, 1-4 Desanm. Epi sonje pou konfime rezilta w yo nan return.umd.edu.

Epi sonje, yon dòz rapèl vaksen kont grip trè rekòmande. Vaksen kont grip yo disponib nan Sant Sante Inivèsite a.

Vakans ki ap vini yo

Vakans yo ap rive e nou konnen ke ou vle pase tan ak fanmi w. Rete konekte ak pwòch ou enpòtan pandan nap fè fas ak kantite ka ki kap ogmante yo. Pandan vakans yo, lap fasil pou bliye pwoteje w, bay fanmi w ak pwòch ou akolad, kite mask ou bese, epi chita ansanm younn pre lòt. Ou sipoze rete vigilan

epi kontinye kenbe bon atitid pwoteksyon yo. Mete mask ou andedan kay la si w gen fanmi w ki vini, chita a distans, lave men w souvan, ouvri fenèt yo oswa selebre de fason vityèl. Si plan w se pou rete lakay ou aprè Thanksgiving, nou vle pou ou rete pwoteje ansanm ak pwòch ou yo.

Sipò pou ou

Nou konnenn ou gen fatig pandemi sa - nou tout konsa - menn ou dwe kenbe angajman sa pou sante ak sekirite kanpis nou an ak kominote an. Sa son peryòd konplike pou byenèt emosyonèl nou. Kèlkeswa kote ou ye, nou ankouraje w kontakte n pou sipò si w bezwen sa. Nou nan peryòd sa ansanm. Sant konsèy Inivèsite ak Sèvis sante sou Konpòtman yo rete disponib, avèk kèk ajisteman ak prekosyon akòz COVID-19.

Sante ak sekirite kominote nou an depann de nou tout ki rete vijilan ak 4 Maryland yo.

Rete byen epi an sante,

Darryll J. Pines

Prezidan, University of Maryland

He/Him/His

Sacared Bodison, MD

Direktè Enterimè, Sant Sante Inivèsite a

She/Her/Hers